# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–07 जनवरी 2025 भोजपुरी समाचार

केन्द्रीय स्वास्थ्य मंत्री जगत प्रकाश नड्डा कहले हवें कि ह्यूमन मेटान्यूमोवायरस–एचएमपीवी नया वायरस नइखे अउर एके ले के फिकिरि करे क कउनों जरूरति नइखे। स्वास्थ्य मंत्री सोसल मीडिया पर वीडियो सनेसा में कहलें कि देस क स्वास्थ्य प्रणाली अउर निगरानी नेटवर्क सतर्क हौ अउर स्वास्थ्य सम्बन्धित कउनों चुनौती से जुरते निपटे क तइयारी सुनिस्चित कइल जा रहल हौ। ओहर, केन्द्रीय स्वास्थ्य सचिव पुण्य सलिला श्रीवास्तवो राज्य अउर केन्द्रसासित प्रदेसन के साथे एगो वर्चुअल बइठकी में देस भर में देस भर में एचएमपीवी मामिलन के हालति क समीक्षा कइलिनि।

येह बिच्चे उप मुख्यमंत्री अउर प्रदेस क स्वास्थ्य अउर परिवार कल्याण मंत्री ब्रजेश पाठको कहले हवें कि येह वायरस से घबरइले क जरूरति नइखे।

***इसको लेकर हम लोग पूरी सतर्कता के साथ आगे बढ़ रहे हैं। और कहीं कोई पैनिक जैसी स्थिति नहीं है। हर स्थिति से निपटने के लिए सरकार पूरी तरह से तैयार है।***

देस क कुछु राज्यन में येह वायरस क मामिला सामने आइल हौ जेहके देखि के केन्द्र अउर प्रदेस सरकार सतर्क हो गइल हौ।

**********

उत्तर प्रदेस माध्यमिक सिक्षक संघ क तीनि दिन ले चले वाला सत्तावनवां राज्यस्तरीय सम्मेलन आजु से आगरा में सुरू भइल। रक्षा मंत्री राजनाथ सिंह अउर केन्द्रीय मत्स्य अउर पसुपालन राज्य मंत्री एसपी सिंह बघेल एकर उद्घाटन कइलें। येह मौका पर रक्षा मंत्री राजनाथ सिंह कहलें कि देस क भविस्य बनावे क सबसे बड़हन जिमवारी सिक्षक लोगिन के कंधा पर होला। उहां के भरोसा दिहलीं कि उहां के सिक्षक लोगिन क मांगिनि के उत्तर प्रदेस क सरकार के सामने रक्खबि।

**********

गृह मंत्री अमित शाह आजु नई दिल्ली में केन्द्रीय अन्वेषण ब्यूरो सीबीआई की ओरि से बिकसित भारत पोल पोर्टल क सुभारम्भ कइलें। येह पोर्टल क उद्देस्य इटरपोल क जरिया से अन्तर्राष्ट्रीय सहजोग बदे सज्जो अनुरोधन पर कार्रवाई के सुव्यवस्थित कइल हौ, जवना में रेड नोटिस आ अउरियो इंटरपोल नोटिस जारी कइल सामिल हौ। गृह मंत्री अमित शाह येह मौका पर अपने सम्बोधन में कहलें कि भारतपोल अन्तर्राष्ट्रीय जांचि के नया जुग में ले जाई।

उत्तर प्रदेस क आधा दरजन से बेसी जिलन क सीमा नेपाल देस के साथे मिले ले। ई पोर्टल येह सीमा पर अपराध अउर तस्करी क रोकलहू में कारगर साबित होई।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ महाकुंभ तीर्थक्षेत्र क सज्जो सेक्टर में चिकित्सा व्यवस्था क पुरहर इंतिजाम क निरदेस दिहले हवें। उहां के प्रदेस क सीनियर अधिकारियन के साथे आजु ठंडी से स्वास्थ्य पर परे वाला परभाव से सम्बन्धित समीक्षा बइठकी कइलीं। मुख्यमंत्री महाकुंभ क्षेत्र में एम्बुलेंस क सुविधा उपलब्ध करावे अउर हर तरह क मरीजन के चिकित्सा सुविधा दिहले पर जोर दिहलें। उहां के कहलीं कि स्वास्थ्य विभाग क टीमि सज्जो सेक्टर क लगतारे भ्रमण करें अउर लोगिन क हालचाल ले के जरूरति के हिसाबि से उन्हें चिकित्सकीय सहायता उपलब्ध करावें। उहां के बढ़त ठंडी के देखत प्रदेस क स्वास्थ्य तंत्र के सतर्क कइलीं।

**********

महाकुंभ में आवे वाले सरधालुअन क बनारस आवे क आगम के देखि के प्रसासन अउर पुलिसो तइयारी के आखिरी रूप देवे में जुटलि हौ। बनारस क मण्डलायुक्त कौशल राज शर्मा कहलें कि अगिला हप्ता से कुंभ यात्रियन के जिला में अइले क पुरजोर आगम हौ। येह बदे तइयारी पुरिया लिहल गइल हौ।

***हम लोगों का ऐक्सप्रियंस छै से सात लाख श्रद्धालुओं को प्रतिदिन कराने का रहता है उसको और कैसे बढ़ाया जा सके, उनके, सबके प्रयास हो रहे हैं और तीन–चार दिन में सारी व्यवस्थायें पूर्णरूप से लागू कर दी जायेंगी ताकि जो भी श्रद्धालु यहां श्रीकाशी विश्वनाथ दर्शन करने के लिये आयें उन्हें किसी प्रकार की असुविधा न हो।***

येह बिच्चे प्रदेस सरकार क पिछड़ा वर्ग कल्याण अउर दिव्यांगजन ससक्तीकरण राज्य मंत्री स्वतंत्र प्रभार नरेन्द्र कश्यप लखनऊ में बइठकी कइ के महाकुंभ के तइयारियन क समीक्षा कइलें। उहां के महाकुंभ क्षेत्र में दिव्यांगजन अउर पिछड़ा वर्ग क लाभार्थी लोगिन बदे बिसेस सिविर लगावे क निरदेस दिहलीं।

**********

निर्वाचन आयोग अजोध्या जिला क मिल्कीपुर विधानसभा सीटि पर उप चुनाव क घोसणा कइ दिहले हौ। आयोग के हिसाबि से ओइजा पांच फरौरी के मतदान होई अउर ओटे क गिनती आठ फरौरी के कइल जाई। सपा सांसद अवधेश प्रसाद क इस्तीफा के नाते ई विधानसभा सीटि खाली भइल रहल।

**********

प्रदेस क कई जिलन में कड़ेर ठंडी के नाते जन–जीवन पर गहरा असर परल हौ। बस अउर ट्रेन देरी से चलि रहलि हइनि। प्रदेस क कई जिलन में चउदह जनौरी ले कक्षा आठ ले क स्कूलन में अवकास घोसित कइल गइल हौ। पूरबी उत्तर प्रदेस क बलरामपुर, गोरखपुर अउर कुशीनगर के सथहीं करीब सज्जो जिलन में अजुओ सबेरे देरी ले कुहेसा अउर दिन में कड़ेर सितलहरी परल। गोरखपुर जिला में दिन भर बदरी छवले रहल। कुशीनगर जिला में स्कूलन के साथे–साथ आंगनबाड़ी केन्द्रन क लइकनों बदे चउदह जनौरी ले अवकास घोसित कइल

गइल हौ। येह बिच्चे मौसम विज्ञान विभाग अगिला तीनि दिन में तापमान में दुइ से तीनि डिगिरी सेल्सियस के क्रमिक गिरावट क अनेसा जतवले हौ। एहसे ठंडी में अउरियो बढ़ोत्तरी होई। विभाग अगिला तीनि दिन ले सितलहरी के साथे कहीं–कहीं घना कुहेसा अउर कई जगहिनि पर बहुते घना कुहेसा परले क चेतावनी जारी कइले हौ।

**********